

Sant Byennèt ki baze nan lekòl la

Carrie Downie Elementary

1201 Delaware Street
New Castle, DE 19720
Telefòn: (302)323-2926

Eisenberg Elementary

27 Landers Lane
New Castle, DE 19720
Telefòn: (302)429-4074

New Castle Elementary

903 Delaware Street
New Castle, DE 19720
Telefòn: (302)323-2880

Pleasantville Elementary

16 Pleasant Place
New Castle, DE 19720
Telefòn: (302)323-2935

Wilmington Manor Elementary

200 E. Roosevelt Avenue
New Castle, DE 19720
Telefòn: (302)323-2901

Castle Hills Elementary

502 Moores Lane
New Castle, DE 19720
Telefòn: (302)323-2915

Wilbur Elementary

4050 Wrangle Hill Road
Bear, DE 19701
Telefòn: (302)832-6330

Southern Elementary

795 Cox Neck road
New Castle, DE 19720
Telefòn: (302)832-6300

Chè Paran/Gadyen:

School-Based Wellness Center (SBWC) se yon patenarya ant Nemours Children's Health ak Distrik Lekòl Kolonyal. Lèt sa a se yon envitasyon pouw enskri pitit ou a nan SBWC la.

Swen Sante bay nan SBWC nan lekòl pitit ou a pa yon Doktè oswa yon Enfimiyè Praktisyen ak yon Sikològ oswa yon Travayè Sosyal Klinik ki gen Lisans/Konseye Pwofesyonèl Sante Mantal.

Pou enskri pitit ou a nan SBWC, ou bezwen bay bagay sa yo:

- **Ou bezwen enfòmasyon ajou sou asirans si pitit ou a gen asirans.** (Remak: Yo pap fèw peye ko-peman, ko-asirans oswa franchiz epi yo pap rejte pèsonn dapre kapasite pou peye).
- **Yon Fòm Konsantman ranpli** (ki enkli nan pake sa a).
- **Yon Fòm Enskripsyon pou Elèv ki ranpli ak Fòm Istwa Sante** (ki enkli nan pake sa a) Yo ta dwe retounen fòmilè ranpli enskripsyon/anrejistrasyon yo nan SBWC la pi vit ke posib.

Sèvis SBWC yo ofri:

- Egzamen Fizik
- tès depistaj sante
- Vaksinasyon
- Dyagnostik ak tretman pou maladi ak blesi minim
- Konsèy (Endividyèl, fanmi. epi gwoup)
- Entèvansyon kriz ak prevansyon swisid
- Edikasyon sante/rediksyon risk

Tanpri konnen ke pedyat oswa doktè fanmi pitit ou a ap toujou doktè prensipal pitit ou a. SBWC a pa pran plas pedyat oswa doktè fanmi pitit ou a, epi doktè ak enfimiyè SBWC yo pral travay ak doktè prensipal pitit ou a pou pran swen pitit ou a. SBWC ofri sèvis ki ka ajoute nan swen doktè prensipal ou bay la. Lè sa apwopriye, epi avèk pèmisionw, nou pral eseye pataje enfòmasyon medikal ak doktè pitit ou a pou anpeche nenpòt repetisyon nan sèvis swen sante yo, epi pou byen pran swen pitit ou a. Si pitit ou a pa gen yon doktè, nou ka edew jwenn youn.

Nou espere ou pral anrejistre pitit ou a nan SBWC l. Lè sa a, ansanm avèk ou menm ak doktè prensipal pitit ou a, nou ka travay pou kenbe pitit ou an sante ak nan lekòl la. Tanpri ankouraje pedyat oswa doktè fanmi pitit ou a pou yo rele SBWC pouw poze kesyon. **Siw gen kesyon oswa siw bezwen plis enfòmasyon, tanpri rele Sant Byennèt Lekòl la.**

Nou salye w,

Denise Hughes
Espesyalis Sante
Popilasyon (302) 332-2642



**SANT SANTE LEKÒL KONSANTMAN
PARAN/ELEÛV POU SÈVIS**

Mwen _____, bay konsantman m pou _____

(Paran/Reprezantan Legal Elev la)

(Non Elev la)

pou resevwa sèvis sante nan Sant Sante ki baze nan lekòl la ki administre pa **Nemours Children's Health (Nemours)**.

Sèvis yo ofri:

- Evalyasyon sante konplè (pou elèv ki pa gen yon doktè swen prensipal)
- Vaksinasyon
- Dyagnostik ak tretman maladi minè, egi epi ak kondisyon medikal kwonik
- Referans ak swivi pou swen espesyalite, sèvis sante oral ak vizyon
- Sante mantal, entèvansyon kriz, konsèy, ak tretman
- Referans nan sèvis sante mantal ak abi sibstans ki gen ladan swen sikyatrik ijans, kominote ak pwogram sipò

Lè mwen dakò poum pèmèt elèv mwen an patisipe nan Sant Sante Lekòl la, mwen rekonèt epi mwen dakò ak sa ki annapre yo:

1. Mwen te gen opòtinite pou resevwa epi revize bwochi Nemours Avi sou Pratik Konfidansyalite ki tache. (ki enkli nan pake a)
2. **Mwen konprann** ke yo ka faktire asirans pou sèvis ki kouvri yo, epi mwen dakò pou bay enfòmasyon sou asirans anvan yo bay sèvis yo.
3. **Mwen konprann** Sant Sante ki baze nan Lekòl la pa dwe fè ko-peman oswa nenpòt lòt frè ki soti nan pòch pou itilize sèvis li yo.
4. **Mwen konprann** yo ka revoke konsantman sa a alekri nenpòt ki lè, eksepte pou nenpòt aksyon ki deja pran, anvan yo revoke konsantman sa a. Anilasyon an dwe fèt alekri epi voye bay Sant Sante ki baze nan Lekòl ki asosye ak swen elèv mwen an.
5. **Mwen konprann** Sant Sante Lekòl la ap travay an kolaborasyon ak Lekòl Colonial Distrik la. Kòm yon pati nan kolaborasyon sa a tou de pati yo ka revize ak pataje tout enfòmasyon ekri ak vèbal konsènan pitit mwen an sou yon baz bezwen konnen, enkli lekòl la epi dosye medikal. Yo kapab tou diskite sou bezwen medikal ak/oswa sosyal ki enpòtan ak anplwaye Lekòl Colonial nan pi bon enterè timoun nan ak fanmi an.
6. **Mwen konprann** ke mwen enfòmasyon, tankou anrejistreman (foto, videyo, sipò elektwonik oswa odyo) ka ale jwenn, sèvi epi pataje ak lòt moun sèlman lè sa nesèsè pou:

SANT SANTE LEKÒL KONSANTMAN PARAN/ELÈV POU SÈVIS

- Kowòdone trètman ak founisè swen sante yo;
- Asire founisè swen nou referew yo genyen tout enfòmasyon sou santew ki nesèsè yo;
- Analize kalifikasyon, bòdwo, jesyon reklamasyon, nesèsite medikal ak itilizasyon;
- Rapò yo mande sou maladi oubyen blesi tankou maladi kontajye;
- Rapò yo mande pou fè nan rejis tankou kansè ak vaksinasyon; epi
- Enklizyon nan Health Information Exchanges (Echanj Enfòmasyon Sante).

7. **Mwen dakò**, anplwaye lekòl la ka akonpaye pitit mwen an pou yon egzamen medikal.

8. **Mwen dakò** ke tout enfòmasyon yo bay sou Fòm Istwa Sante enskripsyon an ak konsantman sa a egzak e konplè.

9. Telesante

- Mwen konprann ke "telesante" se fason pou bay sèvis swen sante yo lè yo sèvi avèk teknoloji kominikasyon dijital pou ede evalye, fè dyagnostik, konsilte, edike, kontwòle, ak jere swen ak tretman san yo pa nan menm kote fizik ak founisè mwen an.
- Mwen konprann ke yon vizit telesante pa menm ak yon vizit an pèsòn paske mwen pap nan menm chanm ak founisè mwen an. Mwen konprann ke yo pap tretem atravè telesante sof si kondisyon mwen an sipòte itilizasyon teknoloji sa a paske founisè mwen an pap kapab fè kèk aspè nan yon egzamen fizik konplè.
- Mwen konprann ke teknoloji kominikasyon dijital ka gen ladan, men pa limite a sa sèlman an tan reyèl odyo, videyo, oswa lòt telekominikasyon oswa kominikasyon elektwonik, ki gen ladan siveyans pasyan a distans, konferans videyo an sekirite, ak/oswa mesaj tèks an sekirite ak ekip swen mwen an.
- Mwen konprann ke gen avantaj ki genyen nan itilize sèvis telesante, ki gen ladan, men yo pa limite a, evalyasyon ak jesyon medikal pratik. Mwen konprann tou ke gen risk ki enplike nan resevwa tretman atravè telesante, ki enkli, men se pa sa sèlman, entèripsyon nan koneksyon odyo/videyo ki ka lakòz vizit la ranvwaye jiska yon tan pita ak/oswa fè atravè yon lòt metòd, epi, nan ka ki ra, aksè san otorizasyon nan enfòmasyon konfidansyèl mwen yo. Nan ka yon echèk teknik, mwen konprann ke mwen ta dwe imedyatman kontakte biwo founisè mwen an, oswa, si se yon ijans, rele 911.
- Mwen konprann ke lwa ki pwoteje konfidansyalite enfòmasyon medikal mwen yo aplike tou pou telesante e ke Nemours sèvi ak pwotokòl sekirite pou ede pwoteje vi prive mwen epi asire yo voye kominikasyon konfidansyèl mwen sèlman bay manm ekip swen an (yo).

**SANT SANTE LEKÒL KONSANTMAN
PARAN/ELÈV POU SÈVIS**

- Mwen konprann ke Nemours p ap anrejistre videyo oswa odyo vizit telesante mwen an san konsantman mwen nan moman anrejistreman an.
- Mwen dakò pou Nemours jwenn enfòmasyon sou sante nan men mwen epi bay mwen sèvis swen sante atravè kominikasyon telesante lè ak kote founisè mwen an oswa manm ki kalifye nan ekip swen mwen an detèmine li apwopriye ak nesèsè.
- Mwen konprann mwen ka refize oswa sispann patisipasyon nan sèvis telesante epi mande lòt sèvis, tankou yon vizit an pèsòn, nenpòt ki lè.

10. Mwen menm ak elev mwen li konsantman sa a ak anpil atansyon. Tout kesyon mwen yo, si genyen, yo te reponn ak satisfaksyon mwen. Mwen konprann mwen ka rele Kowòdonatè Sant Sante Lekòl la si mwen gen nenpòt kesyon anvan oswa apre mwen siyen Konsantman pou Sèvis sa a.

Lè mwen siyen pi ba a, mwen sètifye mwen se paran oswa reprezantan legal elèv yo site pi wo a epi mwen li deklarasyon konsantman ki anwo yo sou sèvis yo ofri nan Sant Sante ki baze nan lekòl elèv mwen an epi mwen dakò volontèman pou elèv mwen an patisipe. Mwen rekonèt mwen pa resevwa okenn garanti oswa asirans sou rezilta yo ka jwenn nan sèvis/tretman yo.

Siyati Pasyan/Reprezantan Legal: _____

Non an Lèt Detache Pasyan/Reprezantan Legal: _____

Relasyon ak Pasyan: _____ **Dat:** _____ **Lè:** _____ **(AM/PM)**

*Nemours gen ladann: Nemours Foundation, yon kòporasyon ki pa la pou fè pwofi nan Florid, depatman ak sit operasyon li yo, ak afilye ak sikisal li yo, tankou Nemours Children's Hospital, Delaware; Nemours Children's Hospital, Florida; Nemours Children's Hospital, Surgery Center, Bryn Mawr; ak Nemours Children's Hospital, Surgery Center, Deptford; ak tout antite kap fonksyone anba non Nemours Children's Health.



Non Pasyan:
MRN:
Dat Nesans:

Randevou nan Sant Sante ki Baze nan Lekòl la pou moun kap pran Desizyon pou Minè

Mwen, _____, asiyen _____
(Paran/Reprezantan Legal) (Non Moun kap pran Desizyon an)

antanke moun kap pran desizyon an, nan plas mwen, pou _____
(Non Timoun lan) (Dat Nesans)

Mwen otorize moun ki site pi wo a pou diskite ak konsanti pou swen medikal ak tretman pou pitit mwen an.

Mwen konprann randevou sa a ap kontinye pandan pitit mwen an se yon elèv nan nenpòt nan Lekòl Elemantè Colonial School District. Pou anile randevou sa, tanpri kontakte Sant Byennèt (ki enkli nan pake a).

Siyati Pasyan/Reprezantan Legal: _____

Non an Lèt Detache Pasyan/Reprezantan Legal: _____

Relasyon ak Pasyan: _____ **Dat:** _____ **Lè:** _____ **(AM/PM)**

*Nemours gen ladann: Nemours Foundation, yon kòporasyon ki pa la pou fè pwofi nan Florid, depatman ak sit operasyon li yo, ak afilye ak sikisal li yo, tankou Nemours Children's Hospital, Delaware; Nemours Children's Hospital, Florida; Nemours Children's Hospital, Surgery Center, Bryn Mawr; ak Nemours Children's Hospital, Surgery Center, Deptford; ak tout antite kap fonksyone anba non Nemours Children's Health.

Fòm Enskripsyon Pasyan nan Sant Sante Lekòl la

Lekòl: (Tanpri antoure)										
Carrie Downie Elementary		Castle Hills Elementary			Eisenberg Elementary			New Castle Elementary		
Pleasantville Elementary		Southern Elementary			Wilbur Elementary			Wilmington Manor Elementary		
Klas: K 1 2 3 4 5					Nimewo idantite(kafeterya) elèv :					
Siyati Pasyan:			Non:			Dezyem Non:				
Sèks:		Gason		Fi		Gason ki chanje sèks		Fi ki chanje sèks		Refize reponn
Adrès:								Dat Nesans:		
Vil:		Eta:		Kòd postal:						
Lang (Antoure youn)		Anglè	Espayòl		Siyen	Fransè	Lòt:		Pasyan Nemours (Antoure youn)	
Ou Pale Anglè?		Pa Ditou	Pa byen		Byen	Trè Byen	Refize		Ou bezwen Entèprèt (Antoure youn):	
		Wi	Non						Wi	
		Non							Non	
Etnisite (Antoure youn):		Pòtoriken			Meksiken,Meksiken Ameriken,Chicano/a			Kiben Dorjijin		
		Pa Ispanik oswa Laten			Lòt Ispanik,laten oswa panyòl			Refize		
Ras (Antoure youn):		Ameriken Endyen oswa Natif Alaska			Azyatik Endyen		Nwa oswa Ameriken Afriken		Chinwa	
		Filipin			Gwamanyen oswa Chamorro		Japonè		Koreyen	
		Natif Awayi			Samoyen		Blan oswa Kokazyen		Vietnamyen	
		Lòt Azyatik			Lòt Moun zile Pasifik		Lòt:		Refize	
Non Konplè Paran 1:							Dat Nesans:		Telefòn Kay:	
Adrès:							Seliè:			
Vil:		Eta:		Kòd postal:			Telefòn Travay#:			
Èskew gen gad legal pasyan an (Tcheke youn)? <input type="checkbox"/> gad konplè <input type="checkbox"/> gad pataj <input type="checkbox"/> pa gen gad										
Non Konplè Paran 2:							Dat Nesans:		Telefòn Kay:	
Adrès:							Seliè:			
Vil:		Eta:		Kòd postal:			Telefòn Travay#:			
Èskew gen gad legal pasyan an (Tcheke youn)? <input type="checkbox"/> gad konplè <input type="checkbox"/> gad pataj <input type="checkbox"/> pa gen gad										
Non Repezantan Legal (si se pa manman oswa papa):							Dat Nesans:		Telefòn Kay:	
Relasyon ak Elèv la:										
Adrès:							Seliè:			
Vil:		Eta:		Kòd postal:			Telefòn Travay#:			
Èskew gen gad legal pasyan an (Tcheke youn)? <input type="checkbox"/> gad konplè <input type="checkbox"/> gad pataj <input type="checkbox"/> pa gen gad										

Non Pasyan:
MRN:
Dat Nesans:

Fòm Enskripsyon Pasyan nan Sant Sante Lekòl la

► Enfòmasyon Asirans (OBLIGATWA) –
**Voye yon kopi oswa pran yon foto epi
voye yon imèl devan ak dèyè kat asirans
nan (SBHC@nemours.org)**

Sous peman pou swen, tanpri tcheke youn nan bagay sa yo:

_____ Pa gen asirans

_____ Founisè Medicaid: _____

_____ Nimewo Medicaid: _____

_____ Asirans Komèsyal: _____

_____ Nimewo Politik: _____

_____ Non Abònè a: _____

_____ Relasyon ak Elèv la: _____

_____ Dat Nesans Abònè a: _____

_____ Pwogram Delaware pou Timoun an Sante

Dezyèm Enfòmasyon Asirans:

_____ Founisè Medicaid: _____

_____ Nimewo Medicaid: _____

_____ Asirans Komèsyal: _____

_____ Nimewo Politik: _____

_____ Non Abònè a: _____

_____ Relasyon ak Elèv la: _____

_____ Dat Nesans Abònè a: _____

Kle: K: Jadendanfan; Idantifikasyon: Idantifikasyon; #: Nimewo

*Nemours gen ladann: Nemours Foundation, yon kòporasyon ki pa la pou fè pwofi nan Florid, depatman ak sit operasyon li yo, ak afilye ak sikisal li yo, tankou Nemours Children's Hospital, Delaware; Nemours Children's Hospital, Florida; Nemours Children's Hospital, Surgery Center, Bryn Mawr; ak Nemours Children's Hospital, Surgery Center, Deptford; ak tout antite kap fonksyone anba non Nemours Children's Health.

Fòm Istwa Sante Sant Sante Lekòl la

Yon istwa sante konplè epi egzak nesèsè pou anplwaye Sant Sante Lekòl la bay bon jan kalite swen. Tanpri ranpli fòm sa a jan ou kapab epi enprime tout enfòmasyon yo.

Non Elèv la: _____ Dat Nesans _____ Klas _____
(Siyati) (Prenon) (Dezyèm Non)

Èske pitit ou a gen alèji? (manje, medikaman, an latèks)

Wi Si wi, tanpri fè yon lis? _____

Tanpri bay enfòmasyon sa yo sou medikaman pitit ou a ap pran.

Non medikaman yo	Poukisa lap pran li	Depi kilè lap pran li
_____	_____	_____
_____	_____	_____
_____	_____	_____

Non Founisè Swen Prensipal: _____

Dat Dènye Egzamen Fizik: _____

Tanpri endike si PITIT ou a te gen nenpòt nan bagay sa yo:

- | | | | |
|--|---|--|--|
| <input type="checkbox"/> ADD/ADHD | <input type="checkbox"/> Varisèl | <input type="checkbox"/> pwoblèm tande | <input type="checkbox"/> Alèji sezonye |
| <input type="checkbox"/> Anemi | <input type="checkbox"/> Reta nan devlopman | <input type="checkbox"/> Maladi kè | <input type="checkbox"/> Kriz |
| <input type="checkbox"/> Opresyon | <input type="checkbox"/> Dyabèt | <input type="checkbox"/> Maladi nan ren/nan blad pipi | <input type="checkbox"/> Fasifom |
| <input type="checkbox"/> Otis | <input type="checkbox"/> Enfeksyon Zòrè | <input type="checkbox"/> Nemoni | <input type="checkbox"/> Pwoblèm nan vant/entesten |
| <input type="checkbox"/> Defo nesans/pwoblèm jenetik | <input type="checkbox"/> Egzema | <input type="checkbox"/> Prematire | <input type="checkbox"/> Tibèkiloz |
| <input type="checkbox"/> Kansè | <input type="checkbox"/> Alèji Manje | <input type="checkbox"/> Enfeksyon nan aparèy urin ki repete | <input type="checkbox"/> Pwoblèm Vizyon |
| <input type="checkbox"/> Paralezi serebral | <input type="checkbox"/> GERD | <input type="checkbox"/> Maladi Kè rimatism | |

Kle: ADD/ADHD: Twoub Defisi Atansyon/Twoub Defisi Atansyon Ipèaktivite; GERD: Maladi refliks gastro-osofaj

If any of the above are checked, please give more detail. _____

Èske pitit ou a te janm entène lopital oswa li te resevwa konsèy pou sante emosyonèl?

Wi Non Si wi kilè? _____ Kibò? _____

Rezon: _____

Non Pasyan:
MRN:
Dat Nesans:

Fòm Istwa Sante Sant Sante Lekòl la

Tanpri tcheke nenpòt nan maladi sa yo ke MANM FANMI PITIT ou yo (paran, frè, sè, granparan, matant, tonton, elatriye) te janm genyen epi endike ki manm fanmi an toupre maladi a.

- | | | |
|---|---|---|
| <input type="checkbox"/> Alkòl/Abi Dwòg _____ | <input type="checkbox"/> Twoub jenetik _____ | <input type="checkbox"/> Obèz _____ |
| <input type="checkbox"/> Anemi _____ | <input type="checkbox"/> Maladi Kè _____ | <input type="checkbox"/> Kriz _____ |
| <input type="checkbox"/> Opresyon _____ | <input type="checkbox"/> Tansyon wo _____ | <input type="checkbox"/> Falsifom _____ |
| <input type="checkbox"/> Kansè _____ | <input type="checkbox"/> Kolestewòl Wo _____ | <input type="checkbox"/> Pwoblèm Dòm _____ |
| <input type="checkbox"/> Pèt tande konjenital _____ | <input type="checkbox"/> Maladi nan ren/nan blad pipi _____ | <input type="checkbox"/> konjesyon serebral _____ |
| <input type="checkbox"/> Depresyon _____ | <input type="checkbox"/> Maladi Fwa/Vezi Biliè _____ | <input type="checkbox"/> Lanmò san rezon _____ |
| <input type="checkbox"/> Dyabèt _____ | <input type="checkbox"/> Maladi mantal _____ | <input type="checkbox"/> Lòt: _____ |

Enkyetid Paran/Reprezantan Legal

Si w gen nenpòt enkyetid, tanpri pwograme yon vizit nan Sant Sante Lekòl la oswa ou ka rele nou (1-302-429-4083) pou diskite sou enkyetid ou yo.

Si w ta renmen èd pou w etabli asirans, pou w jwenn yon doktè oswa yon dantis, tanpri rele Sant Sante Lekòl la.

Ranpli a Siyati: _____ Dat: _____ Lè: _____ AM/PM

Ranpli a Non Ekri an Lèt Detache: _____

Ranpli a Siyati: _____ Dat: _____ Lè: _____ AM/PM

Ranpli a Non Ekri an Lèt Detache: _____

*Nemours gen ladann: Nemours Foundation, yon kòporasyon ki pa la pou fè pwofi nan Florid, depatman ak sit operasyon li yo, ak afilye ak sikisal li yo, tankou Nemours Children's Hospital, Delaware; Nemours Children's Hospital, Florida; Nemours Children's Hospital, Surgery Center, Bryn Mawr; ak Nemours Children's Hospital, Surgery Center, Deptford; ak tout antite kap fonksyone anba non Nemours Children's Health.



Detèminan Sosyal pou Lasante

Dat dènye mizajou: 08/12/2020

Non Pasyan an:

Dat li fèt:

Dat jodi a:

Isit la nan Nemours, nou vle bay pitit ou ak fanmi w pi bon swen posib. Anpil bagay nan lavi w kapab gen enpak sou sante pitit ou, tankou sa w manje, jan li kapab difisil pou w rive isit la, travay ou, ak si w kapab peye medikaman oswa trètman medikal. Avèk kesyon sa yo, n ap konnen kòman nou kapab pi byen sèvi timoun ak fanmi yo. Kesyon sa yo kapab pèsònèl, men menm jan ak tout dosye medikal ou yo, tout sa w pataje ap rete prive ak konfidansyèl. Lawa egzijje nou rapòte tout abi.

Eske ou ta renmen ranpli fòm nan?

Wi

Non

1. Nan 12 dènye mwa yo, èske te gen moman kote manje ou te achte pa t dire epi ou pa t gen lajan pou achte lòt?

Wi Non

2. Nan 12 dènye mwa yo, èske ou te janm gen pwoblèm pou peye yon doktè, yon dantis, oswa medikaman pou w ou ak pou pitit ou?

Wi Non

3. Nan 12 dènye mwa yo, èske pitit ou te janm rete san medikaman oswa rate yon randevou medikal paske ou pa t gen mwayen pou ale nan famasi oswa kay doktè?

Wi Non

4. Nan 12 dènye mwa yo, èske konpayi sèvis ou a te janm koupe sèvis ou paske ou pa t ka peye bil ou (elektrisite, gaz, dlo, chofaj, oswa telefòn)?

Wi Non

5. Èske ou gen pwoblèm entènèt estab?

Wi Non

6. Nan 12 dènye mwa yo, èske pitit ou te janm oblije rete nan yonabri, rete avèk lòt moun, nan yon otèl, viv deyò nan lari, sou yon plaj, nan yon machin, oswa sou yon plas piblik, menm pandan 1 nwit?

Wi Non

7. Kounye a, èske w gen pwoblèm kote w ap viv la tankou mwazi, pinèz, founi oswa sourit, penti plon oswa tiyo, pa gen chofaj oswa èkondisyone, detektè lafimen pa mache oswa manke, fou oswa recho, fwit dlo oswa lòt pwoblèm reparasyon?

Wi Non

8. Èske w pè pou pa pèdi lojman w?

Wi Non

9. Èske w gen enkyetid konsènan aranjman w fè yo pou plasman nan fanmi akèy/kay fanmi pou gade timoun oswa estati imigrasyon fanmi w?

Wi Non

10. Nan 12 dènye mwa yo, èske yo te frape, menase, abize oswa entimide oumenm oswa yon lòt manm nan fanmi w?

Wi Non

11. Èske w gen enkyetid konsènan katye w pou sekirite, vyolans ak zam, pwòpte oswa krim?

Wi Non

12. Èske w gen anpil difikilte pafwa pou konprann sa doktè oswa enfimiyè w ap di w konsènan sante oswa medikaman pitit ou?

Wi Non

13. Èske w gen anpil difikilte pafwa pou konprann sa doktè mande w pou fè epi fòmalitye medikal yo?

Wi Non

14. Nan 12 dènye mwa yo, èske te gen moman kote oumenm oswa pitit ou te bezwen èd epi ou pa t gen pèsòn pou rele (tankou pou transpò oswa gadri)?

Wi Non

Si "wi", èske w ka eksplike?

Èske w enterese resevwa enfòmasyon pou reponn ak bezwen sa yo?

Wi

Non

Dat Efektif: 6 Jiyè 2021

Avi sou Pratik Konfidansyalite

Avi Nemours sou Pratik Konfidansyalite (Avi) dekri fason yo ka itilize ak divilge enfòmasyon medikal sou ou oswa sou pitit ou a epi kijan ou ka jwenn aksè a enfòmasyon sa yo. **Tanpri revize li ak anpil atansyon.**

Se Enfòmasyon Ou

Dosye sante ou se pou Nemours, men se enfòmasyon OU.

Se Responsablite Nou Pou...

- Kenbe konfidansyalite ak sekirite enfòmasyon sou santew.
- Swiv devwa ak pratik konfidansyalite ki dekri nan Avi sa a.
- Baw yon kopi Avi sa a epi wap disponib pou ou siw gen nenpòt kesyon oswa enkyetid.
- Sèvi ak oswa pataje enfòmasyon ou sèlman jan sa dekri isit la sof si ou di nou kapab. Si ou di nou nou kapab, ou ka chanje lide nenpòt ki lè. Fè nou konnen alekri si ou chanje lide.
- Notifye ou san pèdi tan si enfòmasyon ou yo te konpwomèt.

Pou aprann plis sou dwaw dapre HIPAA, tanpri vizite <https://www.hhs.gov/hipaa/for-individuals/index.html>.



NEMOURS
CHILDREN'S HEALTH

Byen o dela de Medsin

Dwa sou Enfòmasyon sou Santew

- **Aksè nan Dosye yo**

Ou ka mande pou resevwa yon kopi elektwonik oswa papye dosye medikal ou ak lòt enfòmasyon sou sante. Nap bay yon kopi oswa yon rezime enfòmasyon sou santew, anjeneral nan 30 jou apre demand ou an. Nou ka mande yon frè rezonab, ki baze sou pri.

Nan sikonstans ki ra, nou ka refize demand ou an ansanm ak yon eksplikasyon. Si nou refize demand ou an, ou ka mande yon lòt pwofesyonèl swen sante yon revizyon, ki pral chwazi pa Nemours, epi nou pral konfòme yo ak rezilta revizyon an.

- **Amende Dosye Medikal Ou yo**

Ou ka mande nou pou nou korije enfòmasyon sou santew kew panse ki pa kòrèk oswa ki pa konplè. Mande nou kijan pou fè sa. Nou ka di 'non' a demand ou an, men nou pral diw poukisa alekri nan 60 jou.

- **Mande Restriksyon yo**

Ou ka mande Nemours poul pa pataje enfòmasyon sou santew pou tretman, peman oswa operasyon swen sante. Ou ka mande tou yon restriksyon sou piblikasyon pou moun ki patisipe nan swen ou. Pa egzanp, ou ka mande pou nou pa pataje enfòmasyon sou yon pwosedi oswa tretman.

Nou pa oblije dakò ak demand ou an, men nap eseye fè sa epi nap fèw konnen si nou kapab. Si nou dakò ak restriksyon an, nap respekte li sof si enfòmasyon an nesèsè pou bay tretman.

Siw peye yon sèvis oswa yon atik swen sante nan pòch la nè, ou ka mande nou pou nou pa pataje enfòmasyon sa a nan bi peman oswa operasyon nou yo ak konpayi asirans santew la. Nou pral di "wi" sof si yon lwa egzije nou pataje enfòmasyon sa yo.

- **Demand pou Kominikasyon Konfidansyèl**

Nou ka kominike avèk ou atravè imèl, mesaj tèks, apèl nan telefòn ak pòtal pasyan nou an.

Imèl, mesaj tèks oswa kominikasyon elektwonik andeyò pòtal nou an pa kapab ankòde oswa an sekirite epi yo ka entèsepte pa yon lòt moun oswa òganizasyon. Nou pral sipoze ou konprann risk sa yo si ou ba nou yon nimewo telefòn mobil oswa adrès imèl pou kominike avèk ou.

Ou ka toujou mande nou pou kontakte ou sou zafè sante nan fason ki fè ou konfòtab. Pa egzanp, ou ka mande pou nou kontakteman sèlman nan travay ou oswa pa lapòs. Nou pral di "wi" pou tout demand rezonab.

- **Koreksyon enfòmasyon sou sante ki pwoteje**

Siw kwè enfòmasyon nou genyen an pa kòrèk oswa enkonplè, ou ka mande yon ajou.

Nemours pral revize demand lan epi fèw konnen desizyon nou an alekri. Si yo apwouve, Nemours pral mete enfòmasyon yo ajou. Nap fè yon efò rezonab tou pou nou notifiye moun ki moun yo te divilge enfòmasyon an bay.

Nan ka nou refize demand lan, Nemours ap bay rezon pou refi a nan 60 jou ak enstriksyon sou fason pou fè apèl kont desizyon an.

- **Kontablite Divilgasyon**

Ou ka mande yon lis (kontablite) sou fwa nou te pataje enfòmasyon sante ou pandan sis ane anvan dat ou mande a, ak ki moun nou te pataje yo, ak poukisa.

Nou pral enkli tout divilgasyon yo eksepte sa yo konsènan tretman, peman, ak operasyon swen sante, ak kèk lòt divilgasyon (tankou nenpòt divilgasyon ou mande nou fè). Nou pral bay yon kontablite chak ane gratis men nou ka mande yon frè rezonab, ki baze sou pri si ou mande pou yon lòt nan 12 mwa.

- **Reprezantan Pèsonèl yo**

Si ou te bay yon moun yon avoka medikal oswa si yon moun se gadyen legal ou, moun sa a ka egzèsè dwaw epi fè chwa sou enfòmasyon sou santew. Nou pral asirew ke moun nan gen otorite sa a epi li ka aji pou ou anvan nou pran nenpòt aksyon.

Ki jan Nemours ta ka itilize epi pataje enfòmasyon mwen an?

Nou ka itilize epi pataje enfòmasyon sou santew pou rezon ak egzanp sa yo:

- **Pou asire ou jwenn pi bon tretman posib.**

Nou pral pataje detay sou dyagnostik ou ak enfòmasyon sou tretman ak lòt founisè swen sante ou yo. Nou pral pataje enfòmasyon sou dyagnostik ak tretman ak Echanj Enfòmasyon Sante pou ou pa fè eksperyans reta initil nan swen ou lè founisè ki patisipe nan echanj sa yo tretew. Ou ka kontakte Biwo Konfidansyalite a pou anpeche enfòmasyon ou yo pataje ak Echanj Enfòmasyon Sante. Nap pataje enfòmasyon sou dyagnostik ak tretmanw nan Nemours jan sa nesèsè pou bay pi bon swen posib.

- **Pou resevwa peman pou sèvis nou bay yo.**

Nou bay enfòmasyon konpayi asirans ou a pou yo ka peye nou pou sèvis yo ba ou. Yo ka pataje tretman ki planifye pou nou ka jwenn apwobasyon pou sèvis ou bezwen yo.

- **Pou amelyore livrezon swen ak operasyon nou yo.**

Nou ka itilize tout, oswa yon pati, enfòmasyon sou santew pou amelyore metòd tretman. Nou pral sèvi ak enfòmasyon santew pou ofri pi bon sèvis pou pasyan nou yo ak fanmi yo. Nou ka pataje enfòmasyon sou santew ak patnè biznis nou yo pou evalye sèvis, pwogram ak enstalasyon nou yo.

- **Pou enfòmew sou sèvis ak benefis ki gen rapò ak sante:**

- » pouw konnen sou nouvo sèvis oswa lokal Nemours yo
- » pou voye materyèl edikatif pou ou sou maladi oswa kondisyon ou
- » pou anonse adisyon oswa depa yon doktè oswa lòt founisè swen
- » pou fèw sonje randevou ak renouvèlman preskripsyon yo
- » pou fèw konnen evènman espesyal ak aktivite pou ranmase lajan

- **Pou kolabore ak lòt òganizasyon swen sante ak founisè.** Nou fè sa pou kowòdone ak bay swen, redwi depans, amelyore kalite, epi bay plis valè pou sèvis nou bay yo. Men kèk egzanp patenarya sa yo:
 - » Rezo Klinikman entegre (CIN),
 - » bay sèvis nan lòt òganizasyon swen sante, epi
 - » lòt Aranjman Swen Sante Òganize (OHCA).



Ki enfòmasyon nou ta ka pataje san ou pa dakò sou objeksyon?

- **Si lalwa egzije sa.** Si lwa federal, leta oswa lokal egzije nou pataje enfòmasyon sou santew, nou oblije fè sa.
- **Objektif Sante Piblik.** Nou ka pataje enfòmasyon santew pou aktivite sante piblik. Aktivite sante piblik yo se bagay tankou:
 - » anpeche oswa kontwole maladi, blesi oswa andikap
 - » rapòte nesans ak lanmò
 - » rapòte reyaksyon a medikaman oswa pwoblèm ak pwodwi yo
 - » notifikasyon rapèl pwodwi yon moun ka itilize
 - » avèti yon moun ki gendwa te ekspoze a yon maladi oswa ki ka gen risk poul pran oswa gaye yon maladi oswa yon kondisyon
- **Abi oswa Neglijans.** Nou gendwa pataje enfòmasyon sante ki pwoteje ak yon otorite sante piblik oswa yon lòt otorite gouvènman ki otorize dapre lalwa pou resevwa rapò sou abi, vyolans oswa neglijans.
- **Aktivite Sipèvizyon Sante.** Nou ka pataje enfòmasyon sou santew ak yon ajans sipèvizyon pou aktivite lalwa otorize. Egzanp yo se odit, investigasyon, enspeksyon ak lisans. Aktivite sa yo nesèsè pou gouvènman an kontwole sistèm swen sante a, pwogram gouvènman an ak konfòmite ak lwa ak règleman yo.
- **Pou Evite yon Menas Grav pou Sante oswa Sekirite.** Nemours ka itilize oswa divilge enfòmasyon sou santew lè sa nesèsè pou anpeche yon menas grav pou sante ak sekirite piblik la, yon lòt moun oswa ou menm.
- **Donasyon ògàn ak tisi.** Si ou se yon donatè ògàn, nou ka divilge enfòmasyon santew bay òganizasyon ki okipe akizisyon ògàn oswa transplantasyon ògàn, je oswa tisi, oswa bay yon bank don ògàn, jan sa nesèsè pou fasilite don ak transplantasyon.
- **Konpansasyon Travayè.** Nou ka divilge enfòmasyon sou santew pou konpansasyon travayè oswa pwogram ki menm jan an. Pwogram sa yo bay benefis pou blesi oswa maladi ki gen rapò ak travay.
- **Militè ak Veteran.** Siw se yon manb fòs lame yo, Nemours ka divilge enfòmasyon sou santew jan otorite militè yo mande yo.
- **Pwosedi Jidisyè ak Administratif.** Nou ka pataje enfòmasyon sou santew an repons a yon tribinal oswa yon lòd administratif, sitasyon, demand dekouvèt oswa lòt pwosesis legal pa yon lòt moun ki enplike nan diskisyon an.

- **Doktè lejis, Egzaminatè Medikal ak Direktè Pomp Finèb.** Nou ka divilge enfòmasyon sou santew bay yon doktè legal oswa yon egzaminatè medikal. Pa egzanp, sa ka nesèsè pou idantifye yon moun ki mouri oswa detèmine kòz lanmò a. Nou ka divilge enfòmasyon sou santew tou bay direktè fineray yo pou yo ka akonpli devwa yo.
- **Enstitisyon koreksyonèl yo.** Nou gendwa pataje oswa divilge enfòmasyon sou santew ak yon enstitisyon koreksyonèl oswa yon ofisyè ki fè respekte lalwa siw nan gad yo. Sa nesèsè pou ba ou swen sante, pou pwoteje sante ak sekirite lòt moun, oswa pou sekirite ak sekirite enstitisyon koreksyonèl la.
- **Aktivite Sekirite Nasyonal ak Entèlijans.** Nou gendwa divilge enfòmasyon sou santew bay ofisyèl federal otorize yo pou sèvis entèlijans, kont espyonaj ak lòt aktivite sekirite nasyonal lalwa otorize.
- **Sèvis Pwoteksyon pou Prezidan an ak lòt moun.** Nou gendwa pataje enfòmasyon sou santew bay lapolis gouvènman an pou yo ka bay pwoteksyon pou ofisyè konstitisyonèl eli yo, chèf deta oswa pou mennen investigasyon.
- **Lapolis.** Nou ka pataje enfòmasyon sou santew si ofisyè lapolis mande pou nou fè sa:
 - » eseye idantifye oswa lokalize yon sispèk kriminel, yon moun ki chape, yon temwen materyèl oswa yon moun ki disparèt mennen investigasyon sou yon krim.
 - » mennen ankèt sou yon lanmò nou kwè ka se rezilta yon konduit sispèk.
 - » nan sikonstans ki nesèsè pou rapòte yon krim - ki gen ladan kote a, viktim yo, oswa idantite a, deskripsyon, oswa kote moun ki te komèt krim lan.
- **Rechèch.** Nou fè ak patisipe nan anpil aktivite rechèch. Tout pwojè rechèch yo dwe apwouve atravè yon pwosesis revizyon espesyal pou pwoteje sekirite pasyan, byennèt ak konfidansyalite. Pwosesis revizyon an detèmine si demand pou enfòmasyon ou yo satisfè egzijans federal ak leta pou pwoteje enfòmasyon ou yo.



Ki enfòmasyon sante Nemours ka itilize ak divilge si ou pa fè objeksyon?

- **Maketing.** Nemours ka sèvi ak enfòmasyon sou santew pou voye materyèl edikatif ki gen rapò ak maladiw oswa kondisyonw, pou baw konsèy sou sèten altènativ tretman ki gen rapò ak maladiw oswa kondisyonw, oswa poul fèw konnen kèk benefis ak sèvis ki gen rapò ak maladiw la. Nou pap janm vann enfòmasyon sou santew sof si ou ba nou pèmision alekri.
- **Ranmase lajan.** Nou ka kontakte ou pou rezon pou ranmase lajan, men ou ka di nou pou nou pa kontakte ou ankò.
- **Anyè lopital.** Nou pral mete enfòmasyon limite sou ou nan anyè lopital nou yo pandan wap vizite. Sa a se pou fanmi ou, zanmi, ak klèje ka kontakte oswa vizite ou nan lopital la. Se chwà ou si ou vle enfòmasyon ou yo enkli nan anyè nou an. Nan nenpòt moman pandan sejou a, ou ka mande pou yo ekskli enfòmasyon ou yo nan anyè a.

- **Manb fanmi yo ak lòt moun ki enplike nan swen santew.** Nou ka pataje enfòmasyon sou santew ak zanmiw (yo oswa manm fanmiw) ki patisipe nan swen medikal ou. Nap fè sa si ou ban nou pèmasyon oswa, si nan jijman pwofesyonèl ou, li nan pi bon enterè sante ou.
- **Sekou pou katastwòf.** Nou ka divilge enfòmasyon sou santew bay òganizasyon kap edew nan yon efò pou sekou pou katastwòf (tankou Lakwa Wouj) pou fanmiw ka jwenn enfòmasyon sou kondisyonw, sityasyonw ak kotew ye a.

Si ou pa kapab di nou preferans ou, pa egzanp si ou san konesans, nou ka kontinye pataje enfòmasyon ou yo si nou kwè li nan pi bon enterè ou. Nou ka pataje enfòmasyonw tou lè sa nesèsè pou diminye yon menas grav epi iminan pou sante oswa sekirite.

E lòt itilizasyon enfòmasyon sante mwen an?

Itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon sou santew ki pa kouvri nan Avi sa a oswa lwa federal oswa leta ki pwoteje enfòmasyon santew yo pral fèt sèlman avèk otorizasyon alekri w.

Èske mwen ka anile otorizasyon mwen pou divilge enfòmasyon?

Si ou otorize nou pou nou itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante ou, men ou chanje lide, ou ka anile otorizasyon ou nenpòt ki lè lèw soumèt demand ou a bay. Biwo Konfidansyalite Nemours lè ou sèvi avèk enfòmasyon kontak ki anba a. Nou pral sispann pataje enfòmasyon ou imedyatman lè nou trete demand ou an. Sepandan, nou p ap kapab raple / eksprime nenpòt enfòmasyon nou te deja pataje.

Kouman pou mwen kontakte Biwo Konfidansyalite Nemours la?

Ou ka kontakte Biwo Konfidansyalite Nemours nan (800) 472-6610, imèl privacy@nemours.org, oswa kontakte nou pa lapòs nan adrès sa a:

Biwo Konfidansyalite Nemours, Atn: Chief Privacy Officer
10140 Centurion Parkway North, Jacksonville, FL 32256

Ki kote mwen ka jwenn yon kopi Avi sou Pratik Konfidansyalite yo?

Ou ka mande pou yon kopi Avi sa a sou papye nenpòt lè, menm si ou te dakò pou resevwa Avi a elektwonikman. Tanpri mande nenpòt Asosye Nemours epi nap baw yon kopi san pèdi tan.

Nou ka chanje kondisyon yo nan avi sa a, epi chanjman yo ap aplike a tout enfòmasyon nou genyen sou ou. Nouvo avi a ap disponib sou demand, nan biwo nou an, ak sou sit entènèt nou an. (<https://www.nemours.org/privacy-practices.html>).

E si mwen kwè dwa enfòmasyon sou swen sante mwen yo te vyole epi mwen vle pote yon plent?

Nou pral adrese chak kesyon, kòmantè, oswa enkyetid san pèdi tan. Sa a se yon dwa akòde ou epi Nemours pa pral pran revanj kont ou pou depoze yon plent. Ou ka depoze yon plent dirèkteman ak Nemours pou rezoud nenpòt enkyetid oswa kesyon sou enfòmasyon sante ou. Ou ka kontakte Biwo Konfidansyalite a lèw rele (800) 472-6610, pa imèl bay privacy@nemours.org, oswa pa lapòs nan adrès sa a:

Biwo Konfidansyalite Nemours, Atn: Chief Privacy Officer 10140 Centurion Parkway North, Jacksonville, FL 32256

Ou ka depoze plent ou tou nan Depatman Sante ak Sèvis Imen alekri nan Biwo pou Dwa Sivil, U.S. Depatman Sante ak Sèvis Imen, 200 Independence Avenue, SW, Sal 509F, HHH Building, Washington, D.C. 20201, rele (877) 696-6775, oswa vizite www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/complaints.

Siw vle rete anonim, rele liy dirèk Nemours Compliance (866) 636-4685.

E si enfòmasyon mwen yo pèdi oswa yo vòlè li nan men Nemours?

Biwo Konfidansyalite Nemours la pral kontakw, pou enfòmasyon ki enfòmasyon yo te pèdi ak pi bon fason pouw pwoteje tèt ou.

Asistans Lang

Sèvis asistans lang yo disponib pou ou, gratis. Tanpri rele (800) 851-5691 pou ed. Jwenn plis enfòmasyon nan <https://www.nemours.org/notice-of-nondiscrimination.html>.

Avi sou Pratik Konfidansyalite sa a aplike pou Fondasyon Nemours ak tout konpayi, enstalasyon, pwogram ak depatman ki afilye li yo. Sa gen ladann tout doktè anplwaye yo ak lòt manm pèsònèl medikal la ak pwofesyonèl sante alye yo. Manm pèsònèl medikal la, ki gen ladan doktè pèsònèl ou, ka gen diferan règleman sou enfòmasyon prive oswa pratik ki gen rapò ak itilizasyon oswa divilgasyon enfòmasyon sante ou pwoteje. Gade lis konplè lokal Nemours ak konpayi ki afilye yo nan <https://www.nemours.org/contact.html>.

